

APRANN PLIS SOU: www.epa.gov/neponsetriver

Sit Superfund Rivyè Lower Neponset Boston/Milton, Massachusetts

Eskane pou vizite
sitwèb Rivyè Lower
Neponset EPA a nan
www.epa.gov/neponsetriver.



KESYON MOUN POZE SOUVAN

1. Ki limit jewografik Reach Faz 1 ak Reach Faz 2 a ?

Reach Faz 1 an se seksyon Sit la ki pi anwo kouran dlo a, ki gen apeprè yon mile (mayls) nan longè. Li kòmanse kote Rivyè Neponset la kontre ak Mother Brook la epi li pwolonje desann rive nan Baraj Tileston & Hollingsworth (T&H) la. Reach Faz 2 a se rès seksyon Sit la ki gen 2.7 miles (mayls) nan longè. Li kòmanse nan Baraj Tileston & Hollingsworth (T&H) la epi li pwolonje desann rive nan Baraj Walter Baker Chocolate la.

2. Kisa yo rele yon Aksyon Eliminasyon Materyèl ki Mande Entèvansyon An Ijans?

Yo aplike Aksyon Eliminasyon Materyèl ki Pa Mande Entèvansyon An Ijans yo nan sit Superfund yo lè ajans ki responsab la deside, apre evalyasyon sit la, ke yon aksyon eliminasyon apwopriye, epi lè gen omwen sis mwa pou fè planifikasyon an anvan travay sou sit la kòmanse. Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite pajwèb EPA a sou NTCRA yo nan <https://www.epa.gov/superfund/non-time-critical-removal-actions>.

3. Èske EPA pral mete pano enfòmasyon sou sit la?

EPA pral asire pano enfòmasyon yo byen enstale anvan ak pandan aksyon eliminasyon materyèl la. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri konsilte Memorandòm Aksyon 5 Novanm 2025 la — Apwobasyon pou yon Aksyon Eliminasyon Materyèl ki Pa Mande Entèvansyon An Ijan pou Sit Superfund Rivyè Lower Neponset la, ki disponib nan <https://sempub.epa.gov/work/01/697312.pdf> (“Memorandòm Aksyon”). Memorandòm Aksyon an apwouve yon NTCRA pou seksyon Sit la ki pi anwo kouran dlo a, ki gen yon mile (mayls) nan longè (yo rele “Reach Faz 1”). Yo diskite sou pano enfòmasyon yo nan paj 32 Memorandòm Aksyon an, epi nan repons EPA bay pou plizyè kòmantè ki nan Rezime Repons yo (Anèks 2 Memorandòm Aksyon an). Pa egzanp, tanpri gade Repons EPA bay pou Kòmantè #3 a (paj 6–7 nan Rezime Repons yo).

4. Ki mezi kontwòl enjenyeri ak mezi sekirite piblik yo pral mete an aplikasyon pandan netwayaj la?

Yo pral etabli detay final yo nan konsepsyon aksyon eliminasyon materyèl la. Sa ap gen ladan pou prepare yon plan pou jere ak siveye kalite lè a, ansanm ak yon plan pou kontwòle sikilasyon an. Pou jwenn plis detay, gade [Memorandòm Aksyon](#) an. An jeneral, EPA pral sekirize zòn travay yo ak kloti, pano enfòmasyon, ak anplwaye sekirite sou plas. Mezi pwoteksyon pou kalite lè a ak sekirite sou wout yo pral gen ladan rediksyon pousyè ak move odè, chaj kamyon ki kouvri epi sele, lave wou machin yo, itilizasyon wout transpò ki deziyen, ak kontwòl sikilasyon. Dlo ak dlo k ap kouri yo pral kenbe epi trete anvan yo lage yo, avèk kontwòl kontini ak kritè pou kanpe travay la pou anpeche enpak deyò sit la. Y ap mete an plas plan konplè pou prevansyon devèsman ak repons pou ijans, ansanm ak dekontaminasyon ekipman yo ak enspeksyon sekirite chak jou. Yo pral jere lè travay yo, ekleraj la, ak nivo bri a pou limite deranjman nan katye a.

5. Ki moun ki pral sipèvizite sit la yon fwa netwayaj la fini?

EPA kontinye sipèvizite sit Superfund yo apre netwayaj la. Pandan faz sa a, EPA pral opere epi fè antretyen sou teknoloji netwayaj alontèm yo pou asire yo rete an bon eta fonksyonman. EPA pral revize sit la regilyèman pou verifye netwayaj la toujou efikas epi aplike tout restriksyon ki nesèsè yo pou diminye risk pou moun ekspozè ak kontaminasyon an. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis netwayaj Superfund nan, gade <https://www.epa.gov/superfund/about-superfund-cleanup-process>.

KONTINYE NAN PAJ APRE A >

6. Ki jan yo trete sediman ki kontamine a pandan netwayaj la?

Yon fwa yo retire sediman ki kontamine a ak tè inondasyon an sou sit la, yo pral transpòte yo nan yon zòn tretman ki fèt espesyalman pou sa. Yo pral retire dlo ki nan materyèl la, si sa nesèsè, epi y ap transpòte li pou eliminasyon nan yon lòt kote ki pa sou sit la. Pou jwenn plis enfòmasyon sou eliminasyon dlo ki nan sediman ak tè yo, depo tanporè yo apre yo fin retire yo, ansanm ak transpò ak eliminasyon yo, tanpri gade [Memorandòm Aksyon](#) an nan paj 29-30. Pou jwenn plis enfòmasyon sou eliminasyon dlo nan sediman ak tè yo, depo tanporè yo apre yo fin retire yo, ansanm ak transpò ak eliminasyon yo, tanpri gade Seksyon 4.4.6 nan Rapò Final Evalyasyon Enjenyeri ak Analiz Pri (EE/CA) pou Reach Faz 1 an (Jen 2025), ki disponib nan: <https://semspub.epa.gov/work/01/691456.pdf> ("Rapò EE/CA"). Yo pral detèmine metòd final yo pou fason yo pral trete sediman ki kontamine yo pandan netwayaj la nan faz konsepsyon aksyon eliminasyon materyèl la.

7. Konbyen tan pwosesis konsepsyon Faz 1 Reach la pral pran?

Yo prevwa kòmmanse konsepsyon pou Reach Faz 1 NTCRA a ane sa a epi li pral pran anviwon 12 mwa.

8. Èske EPA gen finansman pou fè netwayaj la?

Nan dat 5 novanm 2025 lan, EPA te otorize fòmèlman itilizasyon fon CERCLA (Superfund) pou eliminasyon dechè yo pou aplike netwayaj Faz 1 an lè li te siyen [Memorandòm Aksyon](#) ki apwouve NTCRA a. Gade Memorandòm Aksyon an nan paj 36-37.

9. Ki delè pou reparasyon nan Reach Faz 1 ak Faz 2 a?

Yo estime NTCRA ki konsène Reach Faz 1 an pral pran apeprè twa ane ak dis (10) mwa pou fini. Gade [Memorandòm Aksyon](#) an nan paj 35-36 la, ki diskite sou Kalandriye Pwojè a. Gade tou Tablo 18-3 nan Rapò [EE/CA](#) a pou jwenn yon kalandriye sou konsepsyon pou aksyon eliminasyon an. EPA prevwa adopte solisyon final pou tout sit la an 2032 atravè yon Dosye Desizyon, epi remèd sa a pral kouvri alafwa Reach Faz 1 ak Faz 2 yo. Dosye Desizyon sa a pral gen ladan yon orè ki prevwa pou reyalize solisyon final la.

10. Kijan EPA evalye risk la?

Yo fè evalyasyon risk nan sit Superfund yo pou evalye ki nivo danje yon sit ki gen dechè danjere ka poze pou sante moun ak anviwònman an. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason yo evalye risk nan sit Superfund yo, vizite pajwèb EPA a ki rele Evalyasyon Risk Superfund lan nan <https://www.epa.gov/risk/superfund-risk-assessment> .

Nan kad Evalyasyon Enjenyeri ak Analiz Pri (EE/CA) pou Reach Faz 1 nan Sit Superfund Rivyè Lower Neponset a, EPA te fè evalyasyon senplifye pou mezire risk PCB yo nan sediman ak tè yo ka poze pou sante moun ak anviwònman an. Gade Anèks D [Rapò EE/CA](#) a. Yo pral fè yon evalyasyon risk debaz konplè nan kad Ankèt Mezi Korektif la ak Etid Posiblite yo pou Sit la, pou ede detèmine solisyon alontèm pou netwayaj la. Enfòmasyon sa yo pral dokimante nan yon Dosye Desizyon yo pral pibliye alavni.

11. Ki konsepsyon estrikti pwoteksyon jeni a (engineering cap) pou Reach Faz 1 an? Kijan konsepsyon kouvèti jeni a pral anpeche kontaminan yo gaye oswa deplase apre gwo evènman move tan oswa lè nivo dlo anba tè a monte?

Yo pral konstwi yon estrikti enjenyeri pèmanan nan Reach Faz 1 an pou estabilize kanal rivyè a, tè ki nan zòn ki ka inondab ki toupre yo, ansanm ak estrikti ki bò kote yo ki afekte yo. Li pral ede limite chanjman nan nivo dlo sifas la epi kreye yon abita pou lavi sovaj ak lòt òganis vivan yo. Yo pral detèmine konsepsyon final estrikti pwoteksyon jeni an pandan faz konsepsyon aksyon eliminasyon materyèl la. Li ka diferan nan divès zòn sit la selon kondisyon ki egziste nan chak zòn. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade paj 26-28 la nan [Memorandòm Aksyon](#) an.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou konsepsyon estrikti pwoteksyon enjenyeri a, estabilite l, ak efikasite l alontèm, tanpri gade Repons EPA bay pou Kòmantè #9 la nan paj 12–13 Rezime Repons yo (Anèks 2 Memorandòm Aksyon an). Gade tou Anèks G nan [Rapò EE/CA](#) a, ki gen ladan yon konsepsyon estrikti pwoteksyon konseptyèl ki pral aplike nan sèten pòsyon nan estrikti pwoteksyon an. **KONTINYE NAN PAJ APRE A >**

12. Ki plan pou netwaye zòn Baraj Walter Baker Chocolate la, epi èske yo pral retabli kanal rivyè ki divize an plizyè branch la?

Baraj Walter Baker Chocolate la ak Kanal ki Gen Plizyè Branch la (Braided Channel), byenke yo fè pati Sit la, yo pa fè pati Reach Faz 1 an, epi aksyon eliminasyon materyèl la pa kouvri yo. Aksyon eliminasyon materyèl ki apwouve nan Memorandòm Aksyon an konsène sèlman Reach Faz 1 Sit la. EPA poko pwopoze ni chwazi okenn solisyon pou Reach Faz 2 a. Sepandan, aksyon eliminasyon materyèl la pral ede fasilite aplikasyon nenpòt solisyon alontèm ki pral fèt pi devan, ki gen ladan netwayaj Reach Faz 2 a.

13. Èske EPA pral fè yon etid sou sante moun ki nan kominote ki ozalantou sit la?

EPA pa fè etid medikal ni epidemyolojik sou sante. Dapre Seksyon 104(i) CERCLA, 42 U.S.C. § 9604(i), Ajans pou Sibstans Toksik ak Rejis Maladi yo (ATSDR) se ajans prensipal ak Sèvis Sante Piblik Etazini an ki responsab kesyon CERCLA ki gen rapò ak sante piblik yo. Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan ATSDR, gade <https://www.atsdr.cdc.gov/about/index.html>. Nan Sit Superfund Rivyè Lower Neponset la, Depatman Sante Piblik Massachusetts (MDPH), an patenarya ak ATSDR, pral prepare yon Evalyasyon Sante Piblik ki pral revize done anviwònman yo, evalye fason moun ka ekspozè nan kontaminasyon an (pa egzanp, atravè konsomasyon pwason oswa kontak ak sediman yo), epi rekòmande mezi pou anpeche oswa diminye ekspozisyon. EPA pral sipòte pwosesis sa a lè li pataje done yo bay ajans sante piblik yo epi lè li aplike mezi pandan netwayaj la pou diminye risk ekspozisyon moun nan kontaminasyon an.

14. Èske EPA fè etid sou bèt sovaj oswa lòt òganis akwatik yo?

EPA te fè evalyasyon ekolojik nan Reach Faz 1 an epi li te kolekte tisi pwason ak kristase nan Rivyè Lower Neponset la pou tcheke kontaminan ki gen rapò ak sit la. Rezime evalyasyon ekolojik pou Reach Faz 1 an prezante nan Rezime Rekonesans Sit la (6 Desanm 2023), ki disponib nan <https://semspub.epa.gov/work/01/678308.pdf>. Done ak rezilta analiz ki fèt sou tisi pwason ak kristase yo te kolekte yo disponib nan Memorandòm Rezime Evalyasyon Done yo pou Ankèt Faz 2 a (26 Janvyè 2026), ki disponib nan: <https://semspub.epa.gov/work/01/100037942.pdf>.

Alavni, nan kad Ankèt Korektif la ak Etid Posiblite yo, EPA pral fè yon Evalyasyon Debaz sou Risk Ekolojik pou evalye risk potansyèl yo pou òganis akwatik ak òganis ki viv bò rivyè yo. Evalyasyon sa a pral itilize done sit la (tankou done sou kalite dlo a, sediman ak tisi yo), enfòmasyon sou abita yo, ansanm ak referans toksisite yo.



Foto 1: EPA ap prezante nan reyinyon Sit Rivyè Superfund Lower Neponset la.



Foto 2: Foto Rivyè Neponset la.

KONTAK

ALEXANDER (“TRISTAN”) PLUTA

Direktè Pwojè
U.S. EPA
617-918-1258
pluta.alexander@epa.gov

EMMA MINKER

Direktè Pwojè
U.S. EPA
617-918-1325
minker.emma@epa.gov

AARON SHAHEEN

Kowòdonatè Angajman Kominotè
U.S. EPA
617-918-1071
shaheen.aaron@epa.gov